



Pale lè w ap soti pou Adolesan

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Men kèk kesyon ou ka poze lè y ap egzeyate pitit ou a lopital la:

Poze kesyon sou maladi pitit ou a ak pwochen etap yo:

- Èske pitit ou a genyen okenn nouvo kondisyon medikal?
- Èske pitit ou ta dwe limite aktivite li?
- Èske pitit ou a ta dwe evite yon manje kèlkonk, kafeyin, elatriye?
- Èske w bezwen yon referans kèlkonk? Referans ka nesèsè pou: nouvo doktè oswa founisè swen sante espesyalize, tès oswa sèvis terapi, sèvis swen nan kay, ak/oswa ekipman medikal, tankou yon wòkè oswa oksijèn.

Poze kesyon sou medikaman pitit ou yo:

- Ki nouvo medikaman pitit ou a ap pran?
- Ki efè segondè ou ta dwe siveye?
- Pou konbyen tan pitit ou a bezwen pran medikaman an?
- Kisa ou ta dwe fè si ou santi li pa bay rezilta?
- Èske pitit ou a ka pran li ak lòt medikaman, vitamin oswa sipleman li yo?
- Èske genyen nan preskripsyon ou yo ki bezwen egzekite? Si se konsa, èske ou ka pase pran yo nan lopital la?

Poze kesyon sou swivi swen pou pitit ou a:

- Èske pitit ou a bezwen swivi tès oswa tretman?
- Èske pitit ou a bezwen yon randevou swivi ak chirijyen ou oswa lòt founisè swen sante?
- Ki lè pitit ou a bezwen wè founisè swen prensipal li a? Asire w ke w enfòmè founisè swen prensipal pitit ou a sou sejou lopital li a.

Mande enfòmasyon pou jwenn èd si w bezwen sa:

- Ki nimewo pou w rele si w gen yon kesyon?
- Ki moun pou ou rele apre lè travay yo si ou gen yon pwoblèm?
- Ki sentòm ki ta dwe lakòz pou rele doktè w imedyatman?
- Ki sentòm ki ta dwe lakòz pou mennen pitit ou nan yon swen ijans oswa sal ijans?
- Kisa ou ta dwe fè si pitit ou a gen doulè?

©The Joint Commission (Komisyon miks la) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman kominikasyon antrepriz)